OATH
Health and Restaurant Hearings

Office of Administrative Trials and Hearings
Hearings Division

Kisa K ap Pase Si Yo Akòde Demann Mwen?

Si yo akòde demann ou pou yon nouvo odyans, OATH ap voye yon lèt ba ou pa lapòs ansanm avèk nouvo dat odyans lan. Ou dwe prezante oswa patisipe nan yon odyans si ou vle konteste akizasyon yo.

Si Avi oswa Sitasyon ou pa egzije ou pou vini nan Divizyon Odyans OATH anpèsòn, ou kapab soumèt yon defans pa lapòs, nan telefòn, oswa sou entènèt. OATH **dwe** resevwa defans ou nan dat nouvo odyans lan oswa anvan dat la.

NAN TELEFÒN **(212) 436-0817**

SOU ENTÈNÈT **www.nyc.gov/oath**

PA LAPÒS **OATH Hearings Division Mail Unit**
66 John Street 11th floor,
New York, NY 10038

Si nou te ofri ou aranjman anvan nan ajans lapolis Vil la ki te ba ou Avi a oswa Sitasyon an, epi si ou ta renmen aksepte li, Divizyon Odyans lan dwe resevwa peman an okonplè ak òf aranjman an anvan dat nouvo odyans lan.

Si ou aksepte yon aranjman yo te ofri ou pou yon Avi oswa yon Sitasyon ou **p ap** kapab gen yon odyans nan OATH pou konteste Avi a oswa Sitasyon an.

Kisa K ap Pase Si Yo Bay Refi Pou Demann Mwen Fè Pou Yon Nouvo Odyans?

Si ou jwenn refi pou demann ou pou yon nouvo odyans, w ap gen pou peye sanksyon-pa-kontimas la.

Si ou pa peye sanksyon an alè, men sa ki ka pase:

- Minisipalite Vil New York ka voye kont ou nan yon ajans rekouvreman;
- Minisipalite Vil New York ka pwononse yon jijman kont ou nan Tribinal Siprèm Eta New York;
- Minisipalite Vil New York pa ka renouvle lisans yo oswa pèmi yo.

Ki Kote Mwen Kapab Jwenn Èd sou Entènèt?

Ale sou sitwèb OATH pou jwenn tout fòm ak enstwiksyon ki nesesè sou fason pou mande yon nouvo odyans apre yon desizyon-pa-kontimas.

www.nyc.gov/oath

OATH

Dosye ki Anba Desizyon-pa-Kontimas: Sa Ou Ta Dwe Konnen



Yon “desizyon-pa-kontimas” se yon desizyon ki jwenn ou koupab pou akizasyon an (yo) lè ou pa bay repons pou yon Avi oswa yon Sitasyon. Desizyon-pa-kontimas la ap fè ou konnen kantite lajan sanksyon ou dwe peye legalman yo enpoze nan dosye ou.

Kijan Mwen Kapab Evite Resevwa yon Desizyon-pa-Kontimas?

Gen twa (3) jou pou evite yon desizyon-pa-kontimas:

1. **Prezante pou odyans ou an pèsòn**. Ou dwe prezante nan kote n ap fè odyans ki pwograme a nan lè ki endike sou Avi a oswa Sitasyon an.
2. **Bay Repons pou Avi a oswa pou Sitasyon an sou Entènèt**, **nan Telefòn oswa Pa Lapòs**. Ou kapab konteste pifò akizasyon yo san ou pa prezante pou odyans lan an pèsòn. Li Avi a oswa Sitasyon an avèk anpil atansyon oswa ale sou sitwèb OATH si ou pa byen konnen si ou bezwen bay repons pou akizasyon yo an pèsòn.
3. **Aksepte yon òf aranjman**. Si ajans lapolis la ofri ou yon aranjman epi ou pa vle patisipe nan odyans OATH, ou kapab aksepte òf aranjman an. OATH dwe resevwa òf la ansanm avèk peman ou anvan odyans ki pwograme a.

Kisa Mwen Kapab Fè Si Mwen resevwa yon Desizyon-pa-Kontimas oswa yon Avi?

Si ou resevwa yon desizyon-pa-kontimas, ou kapab swa:

1. Peye sanksyon ki nan desizyon-pa-kontimas la.

OSWA

2. Aplike pou re-louvri dosye ou depi ou mande yon nouvo odyans.

Fason Peye Sanksyon-pa-Kontimas la:

Peye sou Entènèt
Ale sou sitwèb Minisipalite Vil la nan www.nyc.gov/mylicense pou fè yon peman sou entènèt. W ap bezwen nimewo Avi ou oswa nimewo Sitasyon ou.

Peye pa Lapòs

- Voye yon chèk oswa yon chèk postal (money order) pou tout kantite lajan ou dwe a. Pa voye lajan kach. Ekri nimewo Avi ou oswa nimewo Sitasyon ou devan chèk la.
- Ekri chèk la sou non: *OATH Hearings Division*
- Voye chèk ou pa lapòs nan adrès:
  OATH Hearings Division
  PO Box 4199, Church Street Station
  New York, NY 10261-4199

Peye an Pèsòn
Ou ka peye an pèsòn, avèk yon chèk, yon kat kredi, oswa yon chèk postal nan kèk Sant Odyans OATH. Ale sou sitwèb Divizyon Odyans OATH nan www.nyc.gov/oath pou jwenn kote ki aksepte peman yo epitou pou jwenn orè fonksyònman yo.

Fason pou Aplike pou Re-Louvri Dosye ki Gen Desizyon-pa-Kontimas:

Ou **dwe** soumèt demann ou pou re-louvri dosye ou avèk fòm demann Divizyon Odyans OATH. Ou kapab aplike pou re-louvri dosye ou sou entènèt, pa lapòs oswa an pèsòn nan nenpòt Sant Odyans OATH.

Aplike pou Re-Louvri Dosye ou sou Entènèt
Ale sou sitwèb Divizyon Odyans OATH nan www.nyc.gov/oath pou soumèt demann ou avèk fòm OATH sou entènèt.


Request New Hearing After A Failure To Appear

- Request For A New Hearing After A Failure To Appear.
- You May Only Make One Request For A New Hearing After A Failure To Appear.

* Indicates required fields.

Pòsyon anlè fòm demann ou entènèt la

Aplike pou Re-Louvri Dosye ou pa Lapòs oswa an Pèsòn
Ou kapab pase pran yon fòm demann nan nenpòt Sant Odyans OATH oswa ou kapab enprime fòm demann lan sou sitwèb OATH.

OATH
Health and Restaurant Hearings
OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS
Hearings Division
66 John St., 11th Floor
New York, NY 10038

REQUEST FOR A NEW HEARING AFTER A FAILURE TO APPEAR
(MOTION TO VACATE A DEFAULT)

- This form MUST be used to request a new hearing if the respondent failed to appear for the hearing.
- A separate request must be made for each Notice/Summons.
- Answer every question in the space provided. Fill out both sides.
- The information provided on this form, as well as any documents submitted in support, may be provided to the enforcement agency responsible for the Notice/Summons.
- Please read the instructions carefully.

Si ou voye demann ou pa lapòs, tanpri ranpli fòm demann lan epi voye fòm nan pa lapòs ansanm avèk nenpòt dokiman sipò yo nan adrès ki endike anlè fòm nan.

Èske Y ap Akòde Demann Mwen Pou Yon Nouvo Odyans?

Ofisye Odyans OATH yo ap revize demann ou yo pou re-louvri dosye ki gen desizyon-pa-kontimas yo epitou y ap pran desizyon sou yo.

1ye Demann pou Re-Louvri yon Avi oswa yon Sitasyon ki gen Desizyon-pa-Kontimas:

- Si ou depoze demann lan oswa si demann lan date **anvan 60 jou** apre dat desizyon-pa-kontimas la, n ap akòde demann ou.
- Si ou depoze demann lan nan **plis pase 60 jou** epi nan mwens pase yon ane apre dat desizyon-pa-kontimas la, n ap akòde demann lan sèlman si li endike yon *eskiz rezonab* ki fè moun ki reponn nan pa t prezante oswa pa t bay reponn pou Avi a oswa Sitasyon an.

2yèm Demann ak Demann ou Fè nan Plis pase 1 Ane Apre Dat Desizyon-pa-Kontimas la:

- N ap akòde demann sa yo sèlman nan sikonstans eksepsyonèl epitou pou nou pa fè ou enjistis.

Pou li Règ Minisipalite Vil la ki endike fason ak kilè yon dosye ki gen desizyon-pa-kontimas kapab re-louvri legalman, tanpri ale sou sitwèb Divizyon Odyans OATH nan www.nyc.gov/oath